

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa téh mangrupa alat komunikasi nu dipaké ku jalma dina kahirupan sapopoéna. Ari nu disebut basa téh moal leupas ti nu ngaranna kecap jeung kalimah, boh éta kecap atawa kalimah anu teu langsung (conto: tulisan) jeung nu langsung atawa nu diomongkeun. Nu disebut kecap jeung kalimah, bisa dipaluruh dumasar kana élmu nu nalungtik éta pasualan séwang-séwang. Luyu jeung pedaran Sudrayat (2014, kc.14), basa téh nya éta sistim lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistimatis) tur ragam (konvénsional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Saluju jeung pedaran nu ditétélakeun ku Lestari (2014), basa Sunda nu dipaké téh ngandung kaédah atawa adegan nu tangtu kayaning fonologi, tatabasa, semantik, jeung pragmatik. Fonologi keur medar sora basa, tata basa medar kecap, kalimah katut wacana, semantik medar perkara ma'na, jeung pragmatik medar kumaha cara makéna basa.

Ieu panalungtikan patali jeung salah sahiji unsur widang pragmatik nyaéta tatabasa komunikatif dina bagian wujud jeung wanda pragmatis kalimah. Ari kalimah téh mangrupa kecap atawa runtuyan kecap-kecap nu ngabentuk hiji basa, ieu wangenan téh luyu jeung nu ditétélakeun ku Kuswari & Hernawan (2014, kc. 68), nyaéta sacara grafémik kalimah téh mangrupa kecap atawa runtuyan kecap-kecap nu dimimitian ku aksara kapital sarta dipungkas ku tanda titik, pananya, jeung panyeluk minangka gambaran tina lentong (intonasi) katut sababaraha tanda baca lianana. Sacara fonetis kalimah téh mangrupa wangun katatabasaan anu mibanda lentong atawa intonasi. Dumasar kana kapentingan dina mikaweruh harti jeung jenis tina éta kalimah sorangan urang kudu maham heula sababaraha hal penting anu aya dina kalimah.

Sakumna kalimah dina naskah drama Sunda sok dipagelarkeun atawa dipaké keur pangajaran sarta digunakeun keur kapentingan séjénna. Naskah drama Sunda perlu dipaluruh eusina sangkan apal kalimah nu bener tur hadé jeung nu maca

atawa nu nongton apal kumaha carana ngagunakeun basa Sunda nu merenah. Drama mangrupa salah sahiji karya sastra nu dipagelarkeun. Drama nu dipintonkeun miboga rupa-rupa udagan, aya nu dipagelarkeun keur kritik sasta, aya nu keur hiburan, jeung aya ogé nu keur média pikeun nepikeun tujuan jeung maksud pangarang. Caritaan dina naskah drama bisa mangrupa salah sahiji cara keur ngagambarkeun rupa-rupa kahirupan jalma sacara teu langsung, boh éta carita kahirupan nu sedih atawa gumbira.

Di jero drama aya jalan carita nu dipidangkeun. Jalan carita dina drama nu dipidangkeun gumantung kana wanda drama nu dipidangkeunana. Contona, nalika drama jenisna réalís, eusi atawa jeronu ngagambarkeun kaayaan nu saenyana teu ngagunakeun hal-hal nu banyol atawa nu diheureuykeun, béda jeung drama nu jenisna longsér, eusi atawa carita nu dipidangkeunna maké unsur bodor pikeun ngahibur nu nongton atawa nu ngaapresiasina. Nu ngaranna drama lian ti ngan eusi carita, tapi aya ogé tokoh dina drama nu miboga peran penting keur nangtukeun kualitas jeung hadé henteuna éta drama. Karakter tokoh dina drama bisa dibentuk ngaliwatan kekecapan nu dipaké ku pangarangna sangkan nu nongton atawa nu ngaaprésiasi bisa kagambar kumaha karakter jeung pasipatan unggal tokoh dina éta drama. Dina drama, pangarang bisa maké gaya basa nalika nyaritakeun eusi carita drama sangkan leuwih dinamis tur ngirut nu nongton sarta nu maca naskah dramana.

Di jero naskah drama pasti miboga sababaraha caritaan ngaliwatan dialog antar tokoh nu dialogna pasti miboga maksud jeung tujuan nu béda. Caritaan éta drama bisa dipangaruhan ku rupa-rupa faktor, di antarana nyaéta saha nu nyarita jeung nu diajak nyaritana, katut iraha jeung dimana lumangsung prosés komunikasina. Ieu hal luyu jeung pamadegan élmu pragmatik nu nétélakeun bagbagan makéna basa pikeun kaperluan nu tangtu dina hiji komunikasi, kumaha patalina kalimah nu luyu jeung pangabutuh nu makéna atawa kumaha cara milih basa anu keuna tur luyu jeung pangabutuh nu makéna Sudaryat (2003, kc. 9-10).

Salaku objék panalungtikan, drama mangrupa salah sahiji karya nu bisa dipaluruh tina sababaraha unsur, salah sahijina unsur pragmatis kalimahna. Nepi ka kiwari, umumna panalungtikan naskah drama leuwih museur kana analisis struktur jeung semantikna, can loba panalungtikan kana kumaha wujud jeung

wanda pragmatis kalimahna. Ieu panalungtikan maluruh ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama sangkan dina ngagunakeun, ngalarapkeun, jeung maham kalimah dina naskah drama bisa merenah jeung bener.

Paguneman dina naskah drama “Kalangkang” karya Nunu Nazarudin Azhar ngandung prinsip wujud jeung wanda pragmatis kalimah

Darma 3: Naha percaya kénéh ka si Sukra? Manéhna kungsi hianat!

Darma 2: Mémangna saha jalma nu teu kungsi ngahianat ka urang? Kaasup pamajikan sorangan! Ayeuna urang tinggal ruruntut.

Ditilik tina conto, katitén yén paguneman di luhur ngukuhan wujud pragmatis kalimah pananya (*interogatif*) jeung kalimah panyeluk (*aklamatif*), lantaran eusi omonganana nanyakeun atawa ngantebkeun hal anu ditanyakeun, jeung kedaling sora bit una rasa panyatur dina dialog.

Ditilik tina conto di luhur katitén aya ogé unsur wanda kalimah pragmatisna, lantaran kalimah nu diomongkeun ku Darma 2 kaasup kana kalimah *komisif* nu fungsina pikeun ngedalkeun patalékan, tur ogé omongan Darma 3 téh kaasup kana unsur kalimah *éksprésif*, sabab miboga fungsi pikeun cumeluk jeung sora bituna rasa.

Dina conto di luhur katitén yén wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina conto téh patali, sabab eusi jeung maksud dina kalimahna sarua nanging dina ajén nu dianalisisna béda, kalimah dina omongan Darma 2 bisa asup kana kalimah *interogatif* jeung kalimah *komisif*, ieu wujud jeung wanda kalimah téh miboga harti nu sarua nyaéta kalimah pananya.

Ieu panalungtikan raket patalina kana panalungtikan ngeunaan wujud jeung pragmatis kalimah, sarua jeung ulikan fungsi kalimah dina komunikasi. Bédana dina ieu panalungtikan diulik hiji-hiji dina tiap unsur dina wujud pragmatis kalimahna, boh dina kalimah wawaran, pananya, paréntah, jeung panyeluk sarta unggal unsur dina wanda pragmatisna. Panalungtikan ngeunaan wujud pragmatis kalimah kungsi dipedar ku Ade Sartika nu judulna “*Prinsip Konversasi jeung Wujud Pragmatis Kalimah dina Naskah Drama Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit*” taun 2022. Éta panalungtikan medar negeunaan prinsip konversasi jeung wujud pragmatis kalimah nu aya dina naskah drama Jam Hiji Dua Puluh Salapan

Menit. Aya ogé panalungtikan nu dipedar ku Muhammad Febri Diantoro nu judulna “*Naskah Drama ‘kalangkang’ Karya Nazarudin Azhar: Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra*” taun 2018. Éta panalungtikan medar ngeunaan naskah drama *Kalangkang* dina tilikan sastra. Aya ogé panalungtikan nu dipedar ku Mardian Chindra Ramadhan nu judulna “*Analisis Pragmatik jeung Stilistik dina Naskah Drama ‘Kalangkang’ Karya Nazaruddin*” taun 2017. Éta panalungtikan ngabahas ngeunaan analisis pragmatik jeung stilistik dina naskah drama *Kalangkang*. Jeung panalungtikan ku Fitria Puji Lestari nu judulna “*Adegan Pragmatis Kalimah Panyeluk dina Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karangan Aam Amalia*” taun 2014. Éta panalungtikan ngabahas ngeunaan kumaha Adegan Pragmatis Kalimah Panyeluk dina Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karangan Aam Amalia.

Sabada dipaluruh panalungtikan di luhur miboga objék jeung fokus panalungtikan nu béda, panalungtikan di luhur teu ngaguar kana sakabéh wujud jeung wanda pragmatis kalimah sacara teleb, sedengkeun ieu panalungtikan museur kana wujud jeung wanda pragmatis kalimah kalawan teleb. Dumasar kana pedaran diluhur, dina ieu panalungtikan baris nganalisis ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah dumasar kana ulikan pragmatis dina naskah drama *Kalangkang* karya Nunu Nazarudin Azhar.

Nurutkeun Rahardi (2005:71), wujud pragmatis kalimah dibagi jadi lima nyaéta, (1) kalimah deklaratif, (2) kalimah imperative, (3) kalimah interogatif, (4) kalimah eksklamatif, (5) kalimah emfatik. Sedengkeun numutkeun Sudrayat (2020 kc 117), wujud pragmatis kalimah didasaran ku fungsi atawa ajén komunikatif kalimah, nyaéta wawaran (déklaratif), pananya (interogatif), paréntah (imperatif), jeung panyeluk (aklamatif). Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan leuwih nyoko kana analisis nurutkeun Sudrayat pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan. Ari unsur-unsur anu diidentifikasi nyaéta data kalimah wujud pragmatis kalimah déklaratif, introgatif, imperatif, jeung aklamatif sarta wanda pragmatis kalimah komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif.

Ieu panalungtikan téh penting lantaran bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabahasaan, hususna dina makéna basa nalika lumangsung kagiatan komunikasi dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Wujud jeung

Wanda Pragmatis Kalimah dina Naskah Drama *Kalangkang* karya Nunu Nazarudin Azhar” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Dina nganalisis naskah drama penting pisan merhatikeun wujud jeung wanda pragmatis kalimah anu aya dina unggal omonganna.
- b. Naskah drama dianalisis wujud jeung wanda pragmatis kalimahna.
- c. Naskah drama dianalisis patali wujud jeung wanda pragmatis kalimahna.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Di antarana nyaéta dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap:

- a. Wujud pragmatis kalimah naon waé anu kapanggih dina naskah drama *Kalangkang* karya Nunu Nazarudin Azhar?
- b. Kumaha wanda pragmatis kalimah dina naskah drama *Kalangkang* karya Nunu Nazarudin Azhar?
- c. Kumaha patalina wujud pragmatis kalimah jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama *Kalangkang* karya Nunu Nazarudin Azhar?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar jeung ngadéskripsikeun wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama “*Kalangkang*” karya Nunu Nazarudin Azhar. Ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama “*Kalangkang*” Karya Nunu Nazarudina Azhar.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon nu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. wujud pragmatis kalimah dina Naskah Drama “Kalangkang” Karya Nunu Nazarudin Azhar;
- b. wanda pragmatis kalimah dina Naskah Drama “Kalangkang” Karya Nunu Nazarudin Azhar;
- c. Patalina wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina Naskah Drama “Kalangkang” Karya Nunu Nazarudin Azhar.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

Panalungtikan hakékatna miboga tujuan jeung manfaat. Manfaat tina ieu panalungtikan téh sipatna tioritis jeung praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa dipaké bahan ajar pikeun guru jeung mahasiswa;

- a. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun gambaran jeung bahan tinimbangan dina basa Sunda hususna ngeunaan kalimah panyeluk, wawaran, paréntah, jeung pananya sarta kalimah komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif dina kagiatan drama sunda
- b. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina mata kuliah jeung pangaweruh ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, di antarana: Bab I Bubuka, Bab II Ulikan Tiori, Bab III Méthode Panalungtikan, Bab IV Hasil jeung Pedaran, jeung Bab V Panutup.

Dina Bab I, dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina tujuan panalungtikan aya tujuan umum jeung tujuan husus, sedengkeun dina mangpaat panalungtikan aya mangpaat sacara tioritis jeung praktis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori nu patali jeung kapragmatikan wacana, prinsip konvérsasi, wujud pragmatis kalimah, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeun jeung nganalisis wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama “Kalangkang” karya Nunu Nazarudin Azhar.

Bab V nu mangrupa bab pamungkas, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan anu satuluyna.